# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

भारतीय रेलवे यात्रियन के सुविधा बदे टिकट आरक्षण क निमय मे बदलाव करत एडवांस आरक्षण क समय सीमा घटा दिहले हवे। अब एक सौ बीस दिन के बजाए खाली साठ दिन पहिलही आरक्षित टिकट बुक कइल जा सकी। नया नियम एक नवंबर दुइ हजार चौबीस से लागू होई। हलांकि एक सौ बीस दिनन के तहत इकतीस अक्टूबर दुइ हजार चौबीस ले कइल गइल सज्जों बुकिंग मान्य रही। येह बारे में रेलवे बोर्ड क निदेसक संजय मूनचा आदेश जारी कइ दिहले हवे। नया नियम विदेस से आवे वाले पर्यटकन बदे मान्य नाही होई। ऊ लोगि यात्रा के तीनि सौ पैसठ दिन पहिले अपने टिकट क बुकिंग करा सकेंले।

**********

मूर्ति विसर्जन के दौरान बहराइच में भइल हिंसा के बादे आरोपियन अउर पुलिस के बिच्चे आज भइल मुठभेड में दुइ गो आरोपी के पैर में गोली लागल हवे। कुलि पांच आरोपियन के पुलिस गिरफ्तार कइले हवे। मुठभेड़ के बादे बहराइच क एसपी वृन्दा शुक्ला बतवलिनि कि पांच आरोपियन के गिरफ्तारी भइल हवे, जेह में से दुइ गो आरोपी गोली से घाही हवे। पुलिस के हिसाबि से सज्जों आरोपी नेपाल भगले के फिराक में रहलें।

**********

प्रदेस के बरेली–बदायूं राष्ट्रीय राज्यमार्ग क चौड़ीकरण कई के अब फोरलेन बनावल जाइ। एक हजार पांच सौ सत्ताइस करोड़ रूपिया के लागत वाले येह परियोजना के मंजूरी मिल गइल हवे। केन्द्रीय सड़क अउर परिवहन मंत्री नितिन गडकरी सोशल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर ई जनकारी साझा करत लिखले हवे कि ई परियोजना बरेली अउर बदायूं के बिच्चे यात्रियन के आवाजाही के सुविधाजनक बनाई अउर येह दुन्नो सहरन के बिच्चे जतरा के समय के कम करी। एकरे अलावे ई परियोजना बरेली अउर मथुरा के बिच्चे कनेक्टिविटी के बढायी अउर पुरहर इलाका के आर्थिक वृद्धि अउर विकास के बढावा देइ।

**********

उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग सत्ताइस अक्टूबर दुइ हजार चौबीस के आयोजित होखे वाली सम्मिलित राज्य/प्रवर अधीनस्थ सेवा प्रारंभिक परीक्षा दुइ हजार चौबीस के स्थगित कइ दिहले हवे। लोकसेवा आयोग क परीक्षा नियंत्रक हर्ष देव पाण्डेय के हिसाबि से अब ई परीक्षा आवे वाला दिसंबर महीना के मध्य ले आयोजित होखले क ओम्मेद हवे। जल्दिये परीक्षा के आयोजन क तारीख अउर कार्यक्रम के बारे में अभ्यर्थियन के बता दिहल जाइ।

**********

वाल्मीकि जयंती के मौका पर आजु प्रदेस भर में कई गो कार्यक्रमन क आयोजन भइल। मंदिरन में श्रीराम चरितमानस पाठ, सांस्कृतिक कार्यक्रम, भजन, कीर्तन करावल जा रहल हौ। महर्षि वाल्मीकि क तपोस्थली चित्रकूट के लालापुर में महर्षि वाल्मीकि के मूर्ति पर फूल माला चढइले के साथे कार्यक्रमन का सुरूआत भइल जवन संझा ले चलति रहल। येह दौरान वाल्मीकि रामायण पाठ, लवकुशं प्रसंग अउर पूजन हवन के साथे भजनों क कार्यक्रम आयोजित भइल।

**********

बनारस क संम्पूर्णानंद स्पोर्टस कॉम्पलेक्स अब खेलिन के आयोजन बदे पुरहर तइयार हो गइल हवे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बीस अक्टूबर के एकरे दूसरका अउर तीसरका फेरा क उद्घाटन करिहें। येह स्पोर्टस कॉम्पलेक्स में नेशनल सेंटर ऑफ एक्सीलेंस के साथे एक सौ अस्सी बेड क हॉस्टल, एथलेटिक ट्रैक, फुटबॉल अउर क्रिकेट मैदान के सथही लॉन टेनिस कोर्टो हवे। सम्पूर्णानंद स्पोर्टस कॉम्पलेक्स के पहिला फेरा क उद्घाटन प्रधानमंत्री के हाथ से पहिलहीं हो चुकल हवे।

**********

गोरखपुर जिला के रामगढ़ताल में बाइस से छब्बीस अक्टूबर दुइ हजार चौबीस ले पचीसवीं सब जूनियर राष्ट्रीय रोइंग चैम्पियनशीप क आयोजन होइ। येह प्रतियोगिता में बीस गो प्रदेसन क टीमि सामिल होइहें। प्रतियोगिता के बालक अउर बालिका वर्ग मे कुलि दुइ सौ चालीस खेलाड़ी हिस्सा लिहें। प्रदेश क खेल मंत्री गिरीश चन्द्र यादव प्रतियोगिता क उद्घाटन करिहें, जबकि समापन के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ विजेता खिलाड़ियन के पुरस्कार दिहें।

**********

भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड–बीसीसीआई के सीनियर महिला टी–20 प्रतियोगिता के ग्रुप डी क मोकाबिला आजु से लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेयी इकाना स्टेडियम में सुरू भइल। भिन्नही सिक्किम अउर त्रिपुरा के बिच्चे इकाना के मुख्य मैदान में खेलल गइल मैच में त्रिपुरा बहत्तर रन से जीत दरज कइलस। ओहीं बी ग्राउंड पर हिमाचल प्रदेश अउर केरल के बिच्चे भइल मोकाबिला में हिमाचल प्रदेस का टीमि आठ विकेट से जीत हासिल कइलस।

**********

मथुरा जिला के कोसीकला थाना इलाका में आजु भिन्नही भइल सड़क हादसा में पांच जने क मउति हो गइल। येह में दुइ गो लइका भी सामिल हवे। पुलिस के हिसाबि से तेज रफ्तार पिकप के बिजुली के खम्हा से टकरा गइले से ई घटना भइल। सूचना पा के मौका पर पहुंचल पुलिस सज्जों लोगिन के अस्पतालें पहुंचवलस जहवां चिकित्सक पांच जने के मुअल बतवलें, जबकि घाही लोगिन क इलाज चलि रहल हवे।

**********